NOSEW SËÑ MUSAA KA : JOOYI WOLOF

Ngir bokk ci mbootaayug WAX (Wolof Ak Xamle) jokkool ci limat yii 76 317 83 17 / 78 426 61 25.

Déglul ma jooy jooyi wolof

Mbër ma defar réewi wolof

Ba koo fu seeru am i yëf

Te wootewul fetali sox

Moo naka mbir yéen ñi di mbër

Ku mel ni man moo lu ca war

Gumba gu ndaw gu matla fer

Ndayam ne mes lu ngeen ca wax

Te amagul ku ko wommat

Te xamagul yoon wu jub it

Te manta daw ba raw lor it

Te xel ma dof nopp ya tëx

Xol bay xalam di fér-féri

Ronqoñ ya yol di car-cari

Cër ya ca des di bér-béri

Di jéem a jëf te ruu ga lax

Bis bu xëyee dëgmu di jooy

Mbaa muy yërëmtalu ba yooy

Soo ko jisee gët ya di xuuy

Mbaa muy palamtu lu mu sex

Jamono jaa ngi wéet a wéet

Ku deeti jiitu te du njiit

Ñëb ruu yi boole seeni boot

Te mel ni géej du fer du nëx

Mbindéef yi yépp a ngi gëlëm

Dénd bi bépp a ngi lëndëm

Baatin bi lépp a ngii ñu lëm

Saahir si lépp a ngi ne jalax

Wàlliw yi yépp a ngi ne selaw

Ndàmb yi yépp a ngi gelaw

Boroom dogal ba day nelaw

Te àtte yaa nga mu walax

Àllarba jam fi ne bëret

Di nittu fan ciw tamxarit

La àtte yépp ne xëret

Góor ñeek jigéen ñi daw ba xëx

Xel yépp génn ne wëret

Nawug ku nekk ne gëret

Neexoon keroog ma ne xoret

Ndax YÀLLA dootuma torox

Demam ga ump na mbindéef

Te wub na boppub kuy mbindéef

Ku dul malaaka ya ko wuuf

Ak YÀLLA ak ña mu ko wax

Yonnen ba ak ahlu badar

Yori biram di ko defar

Moo tax xameesu ca lu wér

Demiinu Yonnen la ko jox

La dale Njurbel ba këram

Malaaka sàppe ne gorom

Di ko bijjanti di gërëm

Te di ko sàbbaal di ko jox

Way-dee ña jokku woon ca moom

Te nekk barsàq ne xiim

Ku ne di teeru naa Boroom

Xéewal yi ñëw mu di nu jox

Wàmmeeli Tuubaa di damu

Mu topp leen di leen rammu

Bir ya aka rëy ba faf lëmu

Ba ku ca xam lëf du ko wax

Garabi Tuubaa di sikar

Suufam ya ak ndox yi di ser

Saahir si lépp def naqar

Baatin bi lépp ne fayax

Jumaahi Njurbel moom di jooy

Taax ya ne yàŋŋ defi mbooy

Cëy àddina aka man a njuuy!

Te man a wor te man a nax

Tubaab ya sax tëj seeni taax

Ken xamatul lu doon sa baax

Baykat ya gedd seeni paax

Wata ya fenqoo ne rajax

Kenn xamatul kuy sëriñam

Kenn xamatul kuy taalubeem

Góor dootu faale waa këërëm

Loo sex mu mel ni ab xetax

Luy doomi Aadama a ngi jooy

Jinne ya jébbalu di jooy

Sunnas Yonnen ba sax di jooy

Lislaam ji rët ba far di lox

Malaaka yaa ngi wër di jooy

Suuf yi juroom yaar a ngi jooy

Te asamaaw yépp a ngi jooy

Ngir xamaguñ fu waa ja dox

Weer yi fukk ak yaar a ngi jooy

Bis yi juróom yaar a ngi jooy

Cër yi juróom yaar a ngi jooy

Ba ahlu badrin ñile sax

Juroomi julli yaa ngi jooy

Way-wuutuhante yaa ngi jooy

Jant bi ak weer wi di jooy

Saa yépp yépp a ngi forox

Baahima yépp a ngi ne gorom

Ñax mi saxoon sax ne ŋayam

Gàncax gi ànd ne kayam

Garab yi yenn xob yi lax

Gone di goy-goylu di jooy

Mag di xalam mbiram ba yooy

Ñi mel ni man di wax ne wóoy

Seen bir yi dootul mat a wax

Jigéen ñi rët bay fëlëmu

Murit ya dof bay kayamu

Ñële di yuuxuy bëlëmu

Kuy jéem a jóg far ne sërëx

Ku ne bëret far ne nërëm

Njénde yi yépp ne xerem

Jirim bu nekk tëj kërëm

Ñële di rëb-rëbi di lox

Boo xalamee Ngën ji mbindeef

Bisam ba ndax nu man a giif

Ak xulafaa-u ya ko wuuf

Te xam ne àddina du sax

Kerog ba Yonnen nee meles

Sahaaba yépp ne taxas

Abaabakar Saddiix a des

Wa maa Muhammadun la wax

Te dafa gëm ba xol ba sooy

Te teewu koo muuru di jooy

Ba xel ma délsee la ne suuy

Ku dul ka bindoon du fi sax

Ku ne ne ngéej a dee keroog

Ku nekk fàtte say baraag

Ruu yépp faatu nan keroog

Sun jëmm yee fi des di dox

Jii waay a wuutu jooja waay

Yii gaa ya wuutu yooya gaay

Mii mbir a wuutu mooma, waay!

Mii mbir a rëy ba weesu wax

Déglul ma lim fi ay ndamam

Yoo xam ne ken dootu ko am

Li des ci dunyaa ci kanam

Ndox soo fu teeyal it mu nëx

Moojaa ku deeti feeñ a feeñ

Ba Màkka ñëw fi di ko jiiñ

Yonnen ba, gànnaar di ko téeñ

Mu far di leen jox i sarax

Ñoo di ko jox ay àddiya

Ñii di tawatsi àddina

Ñii mbiri àllaaxira ya

Ñoo bañ a wuysi def i tëx

Sëriif yi ñëw fi di ko yéem

Làbbe yi ñëw fi di ci jéem

Ku ne di barkeelu ci moom

Mu fees a fees ba mel ni dex

Muy jàpp ceddoy def i seex

Di fomp xol ya ba ñu weex

Génnee ca àddina ak baneex

Saytaane ak bakkan mi tax

Moojaa ku deeti jëf lu jar

Yonnen ba ak ahlu badar

Ngeen jaxasoo ci yépp bir

Ba foo fi jëm ñu di la rax

Aras di jaayu cim mbindam

Malaaka sàbbaal ngir mbindam

Ibliis di làqu ci'g lëndëm

Limub araf ya di melax

Muy dox ci jàww ni njanaaw

Di xotti déeley asamaaw

Lum wax fa diiwaan ñu ne waaw

Muy fal di folli ci lu sax

Di soppi ruu ya di defar

Di jàpp ñaawtéef ya di far

Di yokk dig ya ba mu sar

Di gàddu tiis ya gën a wex

Moojaa ku deeti xamle weer

Ci bis bu niis bu bañ a leer

Ci gàmmu mbaa ci weeru koor

Ba sunu xol yi bañ a nëx

Moojaa ku deeti feg balaa

Tey xamle waxtu wa balaa

Di ñëw ci nit ñi ba balaa

Agsi mu sàkkluy sarax

Di feg i mbas di feg i tiis

Ak mbir mu xew tey yan bu diis

Mbaa xiif bu tax ku ne di siis

Ba boo tibbee doo tal a jax

Moojaa ku deeti doy a doy

Bay fàtteloo baay ak i nday

Ku ne mu jox la lu la doy

Te soxlawoohul ku ko jox

Boo ko joxee da na la jox

Boo ko joxul mu di la jox

Te du la jànni du la ñax

Te du la wor te du la nax

Boo ko moyee mu di la may

Boo koy jëfal mu di la fay

Boo ko bañee mu di la jay

Ba xëy la not nga ne sërëx

Boo ko meree du la mere

Boo ko soree du la sori

Boo gorewul moom mu gore

Kii ku ko bañ da nga torox

Moojaa ku deeti fab i koom

Di buub di sànni niki dóom

Di fab jirim yay def i doom

Ba ken du faale nday ya sax

Di fab i téerey def i koom

Du faale junneek i gëléem

Ku ñëw mu jox la ba nga luum

Kuy dem di ñëw ak ku fu sax

Di tagg far Ngën ji Mbindeef

Te faalewul yàpp wu duuf

Ba faf yaram wa dafa loof

Te xeeti ñam ya ne pacax

Di dugg i xalwa ciy kërëm

Yonnen ba jox ko fay ngërëm

Te boo ko dee woo ay dërëm

Du tax mu déglu la nga wax

Moojaa ku deeti wax i bóot

Di sulli ay xam-xam yu xóot

Ba sunu xol yi dootu root

Ca dab ya ibliis def i ndox

Moojaa ku deeti wax muriit

Lu koy fegal pexey mariit

Di soppi dof mbaate baliit

Muy cam su yewwu te forox

Kuy saafaraati ràggi xol

Ku deeti far tilimi xol

Ku deeti xoolee gëti xol

Bay jis lu ken dul man a wax

Ku deeti dundal guddi yi

Bëccëg yi yépp ak waxtu yi

Bedd yi yépp ak bunt yi

Foo toll jis mu di fa dox

Fu ne mu def fab jullikaay

Ku ne mu boole la ak i gaay

Digal la teg la cib jataay

Te du la wor te du la nax

Di jiite waxtu yiy juroom

Du wuute mukk te du tiim

Xasaa-idam sëf nay gëléem

Ajaa-ibam sëf nay warax

Di bind guddi du nelaw

Bu jëmm yépp nee selaw

Mu dem ci péey bu ne xeraw

Bu bët setee mu di nu wax

Kii ku ko jis sax ku ko jis

Ku jis ku jis waa ju ko jis

Su ngéen demee ca boo ba bis

Mu rammu leen ken du torox

Doomam ya ëpp nañ sëriñ

Seexam ya doy na ñuy sëriñ

Ay taalubeem raw nañ sëriñ

Kuy roy na roy ci lii ma wax

Moojaa ku deeti tarbiya

Ba noppi daa di tarxiya

Ba noppi daa di tasfiya

Ba kum gërëm dootu torox

Moojaa ku deeti taxliya

Ba noppi daa di tahliya

Ba noppi daa di taxliya

Ba ku ko jis daal di ne ax

Ku deeti xamle tasawuf

Te bis bu ñëw muy gën a saf

Ba gaa ña delluy saf i dof

Garab yu ndaw yiy doog a sax

Ndax ngér mi dellu yees a yees

Ndax YÀLLA am ca gaa yu fees

Mbaa gaa yu sóobu ba ne suus

Ca péeyi góor ña di ca wax

Wuy ma ne wuy man ki ma ron

Te ndox mi yol fi sa ma ron

Lu nekk maa ngi ko naroon

Fu may duyeeti ngën gi ndox

Wuy yoonu tarbiyaa ngi jooy

Ngéram mi def ñall ak i mbooy

Cëy àddina aka man a njuuy!

Te man a wor te man a nax

Tarbiya yaw def ngab jirim

Ñàkk nga waa ju saf xorom

Nun ñépp noo ngi ne gorom

Ni jën yu ndaw yu ñàkk dex

Soo doon jigéen ma ne la tay

Muurul bu jag dootul a sëy

Far yi fi des duñu la doy

Luñ jaayu jaayu duñ la nax

Déglul ma jooyle alxuraan

Waayam ju mat ja ba rañaan

Da koo defoon ab kerkeraan

Di dem di délsi di nu wax

Ca lay jiseek Ngën gi Mbindéef

Moo di kënoom bay noti seef

Gaalam ga mooy jàlle mbindeef

Ca bis ba kenn dul tal a sex

Moo ku la deeti def ci taax

Di sotti lajkoloñ ju baax

Boole la teg ci lal yu baax

Te dem fanaan ci néegu ñax

Mo ku la deeti jëndlu

Mo ku la deeti jànglu

Mo ku la deeti bindlu

Bu ñuy nelaw mu di la wax

Ku deeti jàpp ay junneem

Di def ci yaw mbaatey gëléem

Te def ma koomam jamonoom

Ku ko fu xam na ma ko wax

Ku deeti fab lim ub kurus

Ci xeeti xaalis ak wurus

Di sànni gaa ya koy durus

Te di ca raaxaley tarax

Ku fabatiy laaya di nas

Araf ya takkoo ni kurus

Saahir sa mel ni kuy durus

Baatin ba mel nikib tabax

Moojaa ku deeti listixaar

Ci alxuraan di tuddi saar

Di tuddi laaya di xiyaar

Ba ne la lii la YÀLLA wax

Mushaf ya lay wéetalikoo

Durus ga lay fàggandikoo

Taalif ya lay jottalikoo

Leer ya gëndoo mel nig melax

Mbaakol di bind di ko yót

Gànnaar di bind di ko yót

Saalum di bind di ko yót

Muy jënd ay móol di ca rax

Boo féetewoo di ko bindal

Mu féetewoo di la dundal

Boo koy bayal di ko bindal

Mu sàkk ñuy bay di la jox

Di la defal can ub jigéen

Labat ko yët la doo ko miin

Te gàddu say bir nga ne tóon

Mbaa nga ne gumm nim petax

Su ma yëgoon jënd i mushaf

Su ma yëgoon bind i mushaf

Su ma yëgoon dëju ba xëf

Su ma yëgoon matul a wax

Su ma yëgoon di ko bayal

Di ko bindal di ko demal

Di ko sukkal di ko dawal

Te di ko rootal dabi ndox

Muusaa Ka seetal say moroom

Te kon nga sant sa BOROOM

Seetal ñi weddi jamonoom

Ak ñi wéy ak ñiy bëgg a wax

YÀLLA laram bu mu gërëm

Loo ko jëfal am ca ngërëm

Soo ko joxee benn ub dërëm

Mu ful ko ay junni yu sax

Leeram yi tax lay am i yëf

Di way araab di way wolof

Te xam ne jàngóo sax u lef

Mbóotam mi rekk a la ko jox

Leeram gi tax laa am i gaay

Te donnewóo ko ci sa baay

Fekkóo ko woon ci say najaay

Ku seetlu rus ba ne tesax

Te xamalóo leen i masal

Te firiloo leen i fasal

Te bu ñu sukkee duñ desal

Lii sopp Bàmba rekk a tax

Te dunŋñu xàcc duñu mer

Te duñu xàddi du ñu bar

Te duñu yoqi wut i kër

Te du ñu fecci la ñu wax

Sëqal i bopp ne suxur

Di fande tey soli sagar

Nga tëdd ñuy defar sa kër

Loo digle ken du ca nasax

Waajal te jëm ci sa BOROOM

Te jéem a sàmm sa juróom

Yaar yii ñu boole ñu ne xiim

Te xam ne bis da na ñu wax

Ngir ki la daa sàmmal di feg

Di la tinook ki lay alag

Bu sàmmatul tay ak ëllëg

Boo farluwul danga torox

Alhamdulil laahi na ngeen

Sant BOROOM Aras mi leen

Tàbbal ci ngéram mi te ngeen

Jis ko mu jis leen ngéen di wax

Alhamdulil laahi ndegam

Tuubaa di Màkkay aji-gëm

Ku yéene aj te manla dem

Na fas siyaareji te dox

Ku xam te xàmmee jamonoom

Na xam ne YÀLLA ki nu moom

Moo boole penku ak soowoom

Te yori bóotam di warax

Alhamdulil laahi na ngéen

Sant ki tax mu jege leen

Dogal ba jiitusi na leen

Dogal ba rekk a nu ko jox

Manoon nanoo dëkk ca Ngaay

Walla ca Podoor ak i Gaay

Walla nu faf dëkki fa Xaay

Di xëy di gont di ko dox

Manoon na koo defi Gaboŋ

Nuy fay i paas di yor i boŋ

Walla mu dem ba ne nu meŋ

Ba ken du xam réew ma mu sax

YÀLLA bu sun réew yi di naaw

Di wuyu YÀLLA niy njanaaw

Yal nanu dal fi sa gannaaw

Nga boole leen far ne tarax

Yal nan ñu rob fa sa gannaaw

Kurél ba ngay bokkali géew

Te may nu mbég mu gën a gaaw

Xefiinu bët mbaateg melax

Àllaahumma salli alaa

Sëydinaa baabil hulaa

Bi haqi haaidil malaa

Yërëm nu boole nu sarax